



REPUBLIKA Y'UBURUNDI

**UBUSHIKIRANGANJI BW'AMAZI, IBIDUKIKIJE,
UGUTUNGANYA AMATONGO N'IBISAGARA**

IKIGO C'IGIHUGU KJEJWE GUKINGIRA IBIDUKIKIJE



**UKUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE
KU NEZA Y'UBUZIMA BWA KIREMWA
MUNTU : *Akamo gatewe abajejwe gufata ingingo
ngo bagaragaze uruhara rwabo mu kubungabunga
ibibanza bikingiwe***



Point focal national biodiversité
Nationaal knooppunt biodiversiteit

LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT **.be**





Ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije

B.P. 2757 Bujumbura

Burundi

Tél. (257)22234304

E-mail: inecn.biodiv@cbinf.com

Site web: <http://bi.chm-cbd.net>

© CHM-Burundais: Centre d'Echange d'Information en matière de Diversité Biologique, (Clearing House Mechanism), Bujumbura, Février 2016

Agatabu ko guhimiza Abajejwe gufata ingingo kateguwe na NINDORERA Damien mu gisata c'umugambi w'ubushakashatsi, uguhanahana inkuru, uguhimiriza n'ukubungabunga ibinyabuzima mu Burundi washizweho mu ntumbero yo gushira mu ngiro amazezerano yabaye hagati y'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije, OBPE (INECN ya kera) n'ikigo c'ingoma y'Ububiligi kijejwe ubumenyi kama (IRScNB).



Point focal national biodiversité
Nationale knooppunt biodiversiteit

LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT **.be**



IBIRIMWO

| | |
|---|-----------|
| INTANGAMARARA..... | 1 |
| I. IBIGERAMIYE IBIBANZA BIKINGIWE | 4 |
| II. URUGERO RW’UKWITANGA KW’ABAJEJWE GUFATA INGINGO MU BIJANYE N’UGUKINGIRA IBIBANZA BIKINGIWE..... | 10 |
| III. UGUHAMAGARIRA ABAJEJWE GUFATA INGINGO GUHINDURA INGENDO NGO BITANGE BIMWE BIBONEKA MU BIJANYE N’UKUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE..... | 15 |
| UGUSOZERA | 19 |

INTANGAMARARA

Mu Burundi, ishaka rya Leta mu bijanye no gukingira ibibanza bikingiwe ryagaragaye kuva kera cane, aho twari tugitwagwa n'inteko mva makungu, kuva mu mwaka y'1980 aho hashirwaho itegeko ryerekeye ugushiraho ibibanza bikingiwe mu Burundi. Vuba cane, Leta y'Uburundi yarashatse gutezimbere ibijanye n'ugutunganya ivyo bibanza bikingiwe mu gushiraho itegeko n°1/10 ryo kuva 30 Rusama 2011 ryerekeye ugushiraho n'ugutunganya ibibanza bikingiwe mu Burundi rikongera rigaha ikibanza kinini itunganywa rusangi ry'ivyo bibanza mparirwabuzima hagati ya Leta n'abanyagihugu bavyegereye.

Turavye akamaro k'ivyo bibanza bikingiwe ku buzima n'ubutunzi vy'abanyagihugu n'ivyo bitanga mu bijanye n'ubutunzi bw'igihugu, itunganywa ry'ivyo bibanza bikingiwe ritegerezwa kumvikanwako no gukwirikiranwa neza hagati y'abo vyega bose atawirengagijwe.

Ivyo bibanza bikingiwe birafasha cane mu buzima bw'abanyagihugu, ari naco gituma bikwiriye kubungabungwa. Birafasha mu bijanye no gushira ku rugero umurindi w'amazi n'ibihe vy'ikirere. Turetse ko ivyo bibanza ubisanga k'urunani rw'imisozi rwa Congo-Nil, urwo narwo rukaba rugize umurongo ugabura amazi aja mu biyaya vya Congo na Nil, amashamba y'aharwa imvura nyinshi yo mu misozi ihanamye, ivyo bibanza bikingiwe bifise akamaro ntangere mu gushira ku rugero nyarwo umurindi w'amazi n'ugukingira inkukura ku misozi ihanamiye imyonga. Ivyo bibanza birafasha kandi no mu bijanye n'ibihe vy'ikirere bifasha mu burimi bw'igihugu tutibagiye ko bifasha mu gutanga umuyagankuba n'amazi akoreshwa mu kuvomera indimo.

Vyongeye, amashamba yo mu misozi ihanamyeye arakingira imisozi ihanamiye imyonga mu guhagarika inkukura ku misozi itemba cane. Naho amashamba azitanye yo mu misozi adakora kumwe n'igisanze kama, ibisanze kama naryo birafise akamaro vyiharije m'ukubungabunga isi, ico gisanze kigashobora kuvamwo ishamba ry'ibiti muri kazoza. Ibisanze kama biri ku misozi birakingira isi yo mu tudande two mu myonga barimamwo mu kurwanya n'itosekara ry'imyonga muri Ruvubu na Malagalazi ari naho vyibonekeza cane.

Mu Burundi, ibibanza bikingiwe birafise kandi akamaro kanini mw'isasagara ry'ubwoko butandukanye bw'ibinyabuzima mbere bwinshi muri bwo usanga buri aho nyene gusa atahandi buri. Amashamba yo mu misozi arimwo ibiterwa bifasha mu kugaburira ubwoko bw'ibikoko nabwo bushobora gukorewako mu bikorwa vy'ubushakashatsi mu vyigwa vy'ingene ibihimba vy'ibiterwa bikora, inyifato ya kiremwa muntu, aho twovuga nko kuri vya bikoko bakunze kuvungo n'abantu ba kera.

Vyongeye, ibibanza bikingiwe bigize uburaro bw'udukoko dufasha mw'irondoka ry'ibiterwa bikongera bikaba uburaro bw'udukoko twonona. Udukoko dufasha mw'irondoka ry'ibiterwa turafise ico dufasha mu bijanye n'ugufungura neza, ubudasa bw'ibifungurwa, ku magara y'abantu no kubuciro vy'ibifungurwa. Ifasha ry'utwo dukoko mw'irondoka ry'ibiterwa rirakenewe cane kugirango hashobore kuboneka intete n'ivyamwa ku biterwa vyose bizana amashurwe. Nkuko Ishirahamwe mpuzamakungu riyejwe ibifungurwa kw'isi (FAO) rivyerekana, ibice 70 kw'ijana vy'ubwoko bw'ibiterwa birimwa bitanga ivyankenerwa vyo gufungura kw'isi bifashwa mw'irondoka ryavyo n'inzuki, cane cane inzuki zo mw'ishamba.

Ibibanza mparirwabuzima kama biri mu bifasha guhubira ivyuka vyo mu kirere bigafasha kandi kurwanya ihindagurika ry'ibihe. Nico gituma, isuzumwa ryakozwe n'umugambi w'integuro y'ivyokorwa ku rwego rw'igihugu (PANA) n'amarapro y'igihugu yerekeye ihindagurika ry'ibihe arerekana neza ko ibibanza mparirwabuzima bihubira ivyuka vyinshi cane. Ayo masuzumwa nyene arerekana ko itumuka/ifumbuka ry'ivyuka rishobora kandi kuva mw'ikoreshwa ry'amashamba, mw'ihinduka ry'ikoreshwa ry'amashamba, kw'isi bakunze kuragira ko amasho y'ibitungwa menshi.

Naho bigaragara ko ivyo bibanza bikingiwe bifise akamaro kanini, ibibigeramira ntivyigera bibiha agahengwe kuburyo atawundi muti ushoboka atari uko abajejwe gufata ingongo bohaguruka bakerekana uruhara rwabo ntangere mu bijanye n'ukubungabunga ivyo bibanza bikingiwe.

I. IBIGERAMIYE IBIBANZA BIKINGIWE

Naho ibibanza bikingiwe bidufasha muri vyinshi, ibibitura n'ibibigeramira vyo ntibibiha agahengwe. Ivyo bibigeramira bigabuwe mu mice itanu ariyo yiye:

- Ihonywa ry' amashamba n'ihera ry'amatungo y'ibinyabuzima;
- Itemwa ry' amashamba;
- Igwirirana ry'ibiterwa mva makungu bigeramira ibindi;
- Ihindagurika ry'ibihe;
- Iyagurwa ry' uburaro bw'abanyagihugu n'iyubakwa ry' inyubakwa rusangi.

I.1. Ihonywa ry'amatungo n'ihera ry'amatungo y'ibinyabuzima (ugutema, ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima, imiriro ya nyakanga)

Itituka ry'ibibanza bikingiwe ryerekanwa n'igabanuka riteye ubwoba ry'ubwoko bw'ibimera riturutse kw'ihonywa ry' amashamba ariryo nkomoko y'igabanuka ryihuta ry'ubwoko bw'ibinyabuzima bivuye ku bikorwa vy'abantu bitandukanye. Ibituma biboneka vy'ihonywa ry' amashamba ni ibi:

- Itemwa ry' amashamba;
- Ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima;
- Imiriro ya nyakanga.

I.2. Itemwa ry'amashamba barondera indimiro n'uburagiho mu bibanza bikingiwe

Itemwa ry'amashamba barondera indimiro hamwe n'uburagiho biri mu bituma ibibanza bikingiwe bimwe bimwe bigabanuka canke mbere bizimangana burundu .Ivyo bifatiye ku kungene abantu bakeneye amatongo ari benshi, ivyo navyo bikunywurwa n'igwirirana ry'abantu bifadikaniye n'umyumbu udashemeye uva mu burimyi. Kubera amatongo ari mato cane, abanyagihugu begereye ibibanza bikingiwe baca baronderera amatongo yo kurima akimera canke uburagiho mu bibanza bikingiwe.



I.3. Ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima

Ugukoresha nabi amatungo y'ibinyabuzima ni nk'ugutema ibiterwa bidaciye mu mategeko, ukubaza ibiti (imbaho), ugusoroma nabi ibiterwa bikoreshwa mu buvuzi kavukire, uburovyi burenze urugero hakoreshejwe ibikoresho bitajanye; uruhigi rutemewe n'amategeko n'ibindi. Ivyo bikorwa duhejeje kudondagura rero bikorwa kenshi na kenshi mu bibanza bikingiwe biragabanya cane ibibanza mparirwabuzima bikongera bikageramira ubwoko bw'ibinyabuzima biri muri ivyo bibanza. Kuri ivyo bikorwa bibi hiyongarako icukurwa vyonona ry'ubutare ritisunga integuro nimwe y'ugutunganya canke icigwa ntabanduka c'ingaruka ku bidukikije. Ivyo biribonekeza cane mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Kibira, aho bacukurayo inzhabu, mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi, aho bacukurayo umusenyi no mu karere ka Murehe, aho bacukurayo ubutare bwa kolota na kasiterite.



I.4. Imiriro ya nyakanga

Imiriro ya nyakanga iva ku mvo zitandukanye nk'ukurima ibiterwa barima barinze guturira, ukurondera ubwatsi bw'ibitungwa n'inyamanswa. Hariho kandi n'imiriro ica muryahumye abavumbi mugihe baba bariko baracanira ibitiba canke abaca amakara n'imiriro iturutse ku bugizi bwa nabi ata kindi igamije atari kwonona gusa. Imiriro nkiyo iratitura ibibanza mparirwabuzima bigizwe n'amashamba mu Burundi kandi yama yadutse imyaka yose mugihe abajejwe gufata ingingo bahari kugirango bakinge canke babuze ubutakigaruka ibiza bene ivyo.



I.5. Igwirirana ry'ibiterwa vyonona ibindi

Uyu munsu, iyinjizwa ry'ibiterwa mva makungu mu bibanza bimwe bimwe bikingiwe riri mu bibigeramiye bimwe biboneka. Nico gituma igwirirana ry'amarebe mu mazi y'ikiyaga Rweru kiri mu mitumba igizwe n'amazi ikingiwe yo mu buraruko bw'igihugu no mu micungararo ritanguye gutera ubwoba/guhagarika umutima abatari bake. Igwirirana ry'umuhengerihengeri (mavyi ya kuku) mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi riramaze guhonya ubwoko bw'ibimera butari buke.



I.6. Ukwagura uburaro bw'abanyagihugu n'ukubaka inyubakwa rusangi

Abajejwe gufata ingingo bararondera ibibanza bitari bike kugirango babishiremwo abahunguka, aho ni nk'akarere kama gakingiwe ka Vyanda aho ikigwati gihejeje kubakwa muri iryo shamba. Ahandi twotanga ko akarorero ni mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi aho naho nyene hahejeje kubakwa ikigwati kandi hakaba hari n'itongo babikamwo abapfuye muri urwo ruhongore.

II. URUGERO RW'UKWITANGA KW'ABAJEJWE GUFATA INGINGO MU BIJANYE N'UGUKINGIRA IBIBANZA BIKINGIWE

Abajejwe gufata ingingo bagizwe n'inama nshingamateka na nkenguzamateka tutibagiye abagize Leta bose akaba ari nabo bagize umugwi uhambaye cane w'abajejwe gufata ingingo mu bijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe. Inama nshingamateka niyo itegerezwa gutora amategeko ubwa mbere hanyuma inama nkenguzamateka ikayatora ubugira kabiri. Mu myaka itanu irangiye, amategeko ajanye m'ugukingira ibibanza bikingiwe yaratowe ku bwinshi. Ariko, uruhara rwo'ukwitanga kw'abajejwe gufata ingingo mw'ishirwa mu ngiro ryayo mategeko vyotuma haba isasagara ry'ibibanza bikingiwe ruracari ruto cane.

Ivyerekana urwo rugero rudashameye rw'ukwitanga kw'abajejwe gufata ingingo mu bijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiye biri inice myinshi:

- Ugucukura amabuye y'agaciro, umusenyi, amabuye yo mu nzuzi, ibumba, amabuye asanzwe, ukubaza ibiti vy'imbaho vy'ishamba, n'ibindi usanga bikorwa n'abategetsi bamwe bamwe;
- Ukwaha amatongo mu bibanza bikingiwe kw'abajejwe gufata ingingo bamwe bamwe kugira ngo baharangurire imigambi y'uburimi;
- Ugutanga impusha butemewe n'amategeko kw'abategetsi bwo gukoresha ibibanza bikingiwe canke ibindi bibanza bitagenewe kurangurirwamwo imigambi ikomakomeye.

Iruhande y'uwo mugwi w'abajewe gufata ingingo, hariho n'iyindi migwi ikora ivyonona cane bigashobora mbere gutuma ibibanza bikingiwe mu Burundi bizimangana : Iyo migwi nayo ni nk'iyi :

1° Ubushikiranjanji bw'amazi, ibidukikije, ugutunganya amatongo n'ibasagara: Ibikorwa vyonona ubwo bushikiranjanji bukora bucisha muri izi nzira zikurikira:

- Ugukoresha nabi uturere tw'amazi turi mu bibanza bikingiwe;
- Ukwagura igisagara ca Bujumbura batera bagana uturere canke ibibanza mparirwabuzima bigeramiwe kandi birimwo ibanyabuzima vyinshi nko mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi;
- Ugutanga amatongo bidaciye mu mategeko mu bibanza bikingiwe.

2° Ubushikiranjanji bw'uburimi n'ubworozi

Ubushikiranjanji bw'uburimi n'ubworozi bujewe gutunganya neza ibikorwa bifise ingaruka zigaragara ku bibanza bikingiwe. Ariko, ubwo bushikiranjanji nyene burakora ibikorwa bititura ibibanza bikingiwe, ibivyerekana bikaba ari nk'ibi:

- Ukwagura imirima y' ibikaju mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi no mu karere kama ka Malagalazi;
- Ugusasagaza ibikorwa vy'uburimi mu Kibira;
- Uguca nabi imigende mu myonga.

3° Ubushikiranganji bw'ubutare n'agataka

Ubushikiranganji bw'ubutare n'agataka nibwo bwategerezwa guhagararira icukurwa ry'ubutare canke ikoreshwa ry'ibiva mu bivuye vyose na cane cane mu bibanza bikingiwe. Ariko naho ubwo bushikiranganji bwategerezwa kurwanya ibikorwa ben'ivyo, nabwo nyene burakora ibikorwa vyonona ivyo bibanza, ibivyerakana ni ibi bikurikira:

- Ugucukura nabi ubutare n'ibindi bikoresho vy'ukubaka;
- Uguhonya amashamba;
- Ugucukura ubutare mu bibanza bikingiwe (Inzahabu);
- Ukuronsa ibibanza vyo gucukuramwo ubutare abantu canke amashirahamwe badategera neza ibijanye n'akamaro k'ibinyabuzima;
- Guhindurira inzira inzuzi mu kurondera umuyagankuba (kwubaka ingomero) canke mu gucukura ubutare batisunze icigwa na kimwe c'ingaruka ku bidukikije;
- Uguhonya ishamba rya Kibira mu guca imigende y'amazi aja mu rugomero rw'umuyagankuba rwa Rwegura.

4° Ubushikiranganji bw'ubutungane

Ubushikiranganji bw'ubutungane buteregezwa kwerekana uruhara rwabwo mu guca n'ukugabanya imanza z'ivyaha bikorerwa ibibanza bikingiwe. Ariko, ibikorwa vyonona ibibanza bikingiwe bibandanya kwibonekeza kubera ko:

- Amateka n'amategeko asanzwe ariho mu bijanye n'ugutunganya ibibanza bikingiwe atubahirijwe neza;
- Ukudahana abanonye ibibanza bikingiwe.

5° Ubushikiranjanji bujejwe ibikorwa vya Leta, ugutwara abantu n'ibintu

Ubwo bushikiranjanji bujejwe guca amabarabara, muri kazoza naho bukazoshiraho amabarabara y'ivyuma. Ariko biragaragara ko ivyo bikorwa bititura ibibanza bimwe bimwe bikingiwe cane cane ku mabarabara azoca mu bibanza bikingiwe. Aho ni nk'ibarabara rihuza Cankuzo na Muyinga riciye mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Ruvubu, n'ibarabara rihuza Bubanza na Ndora riciye mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Kibira.

6° Ubushikiranjanji bw'intwaro yo hagati mu gihugu

Ubushikiranjanji bw'intwaro yo hagati mu gihugu bujejwe gukurikirana abajejwe intwaro mu ntara no mu makomine mu bikorwa vy'iterambere ry'imibano n'ubutunzi harimwo niry'ibidukikije. Kandi, itegeko rya Komine riraha abajejwe kuyarongora ububasha bwo gutunganya neza ibidukikije. Naho biri uko, ibikorwa vyonona vyama vyibonekeje aha canke hariya, ivyo bikabonekera muri ibi bikurikira:

- Ugutanga amatongo mu bibanza bikingiwe cane cane mu karere gakingiwe ka Gisagara, mu karere kama kagizwe n'amashamba ya Rumonge, Vyanda na Kigwena no mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi;
- Ukuragira amasho y'ibitungwa mu bibanza bikingiwe : amararo menshi acibonekeza muri kino gihe mu bibanza bikingiwe usanga ari amararo y'abategetsi, aho ni nko mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi no mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Ruvubu;

- Uburovyi budakurikije amategeko mu bibanza bikingiwe: ivyo navyo bikibonekeza cane mu mitumba igizwe n'amazi ikingiwe yo mu buraruko bw'igihugu hamwe no mu ruhongore kama rw'igihugu rwa Rusizi aho abategetsu barimwo mu gukora ivyaha muri ivyo bibanza bikingiwe.

Ivyo bikorwa vyose bikorwa n'abajejwe gufata ingingo bititura ibibanza bikingiwe birafise ingaruka mbi. Nazo ni nk'izi:

- Igabanuka ry'uburinganire bw'amashamba;
- Imarwa ry'ubutunzi bw'amafi;
- Ukugabanuka k'umyumbu mu burimyi kubera ko udukoko dufasha mw'irondeka ry'ibiterwa twahonye;
- Irandagata ry'ubwoko bw'ibiterwa vyonona ibindi;
- Itituka ry'imibereho y'abantu ku banyagihugu no ku basangwabutaka, aho usanga kenshi na kenshi mu kubaho kwabo bikora ku binyabuzima canke ibiva mu bibanza mparirwabuzima;
- Ugufumbatishwa n'ukwifadikanya kw'abakozi ba Leta mu bijanye n'ugukingira ibibanza bikingiwe;
- Ukudakora neza k'ubushikiranangaji bufise mu minwe igikorwa c'ukubungabunga ibibanza bikingiwe nk'uwujewe vy'ukuri kubikingira turavye ingene bidahengeshanya gutituka;
- Ugufata ibibanza bikingiwe nk'amatongo y'integabizoza yo kurangurirwamwo imigambi y'iterambere ry'imibano n'ubutunzi yaba ya Leta canke iy'abigenga harimwo n'umugambi wo kwubaka amazu y'uburaro;
- Ukudatahura bikwiye uburyo n'ubuhinga vyo gutanga inkuru-ukwigisha -uguhimiriza abanyagihugu kugirango habe ugukingira nyako ibibanza bikingiwe;
- Ibikoresho n'abakozi bake mu gisata kijejwe kubungabunga ibibanza bikingiwe.

III. UGUHAMAGARIRA ABAJEJWE GUFATA INGINGO GUHINDURA INGENDO NGO BITANGE BIMWE BIBONEKA MU BIJANYE N’UKUBUNGABUNGA IBIBANZA BIKINGIWE

Abajejwe gufata ingingo bafise uruhara ruhambaye cane mu bijanye no kubungabunga ibibanza bikingiwe. Ukwitanga kudafashe k’uwo mugwi mu bijanye n’ukubungabunga ivyo bibanza bikingiwe ntaho gushikana atari ukuzimangana kw’ivyo bibanza. Kugirango duhindure iyo ngendo, mu kwitanga kw’abo mu bijanye n’ukubungabunga ibibanza bikingiwe harakenewe ibikorwa nyamukuru arivyo vy’ibi bikurika:

Igikorwa nyamukuru ca 1: Guteza imbere igisata kijejwe ibibanza bikingiwe mu kukironsa ibikoresho bijanye n’amategeko n’uburyo bw’amafaranga n’ibindi vyose gikeneye

Inyigisho nyamukuru: Dushire imbere igisata kijejwe ibibanza bikingiwe mu kukironsa uburyo bw’amafaranga bukwiriye.

Intambanyi zo kurwanya:

- Ugutanga/Ugushira uburyo bw’amafaranga budakwiriye mu gisata kijejwe ibibanza bikingiwe;
- Ukudafata nkama amategeko agenga ibibanza bikingiwe asanzwe ahari;
- Ukubura inzandiko zishira mu ngiro amategeko amwe amwe.

Inyishu zibereye:

- Guha uburyo bw'amafaranga bukwiriye igisata kijejwe ibibanza bikingiwe mu gihe cose baba bariko barahanahana ivyiyumviro canke batora integuro y'amafaranga Leta izokoresha ku mwaka;
- Gutegura inzandiko ziherekeza ishishyamba ry'amategeko ajanye n'ibibanza bikingiwe n'ukuzishira mu rurimi rw'ikirundi;
- Gukwiragiza inzandiko z'amategeko agenga ibibanza bikingiwe mu nzego zose za Leta.

Igikorwa nyamukuru ca 2: Gutsimbataza ishishyamba mu ngiro ry'amategeko agenga ibibanza bikingiwe

Inyigisho nyamukuru: Dushire inguvu zacu hamwe kugirango dukoreshe uko bukwiriye amategeko atandukanye agenga ibibanza bikingiwe

Intambanyi zo kurwanya:

- Ugufata minenerwe kw'inzego z'ubutungane ivyaha bikorerwa mu bibanza bikingiwe;
- Ukudafata nkama amategeko asanzwe ari mu bushikiranganji bw'ubutungane yerekeye ibibanza bikingiwe asanzwe ahari;
- Ugufumbatishwa n'ukwifadikanya n'abakozi ba Leta mu bijanye n'ugukingira ibibanza bikingiwe;
- Ukutubahiriza amategeko n'amabwirizwa ahari mu bijanye n'ugutunganya ibibanza bikingiwe;
- Ukudahana abonona mu gisata kijejwe ibibanza bikingiwe;
- Ugutanga amatongo mu bibanza bikingiwe hadakwirikijwe amategeko.

Inyishu zibereye:

- Guhimiriza abategetsi bo mu bushikiranganji bw'ubutungane kugirango batahure neza ko ivyaha bikorewe mu bibanza bikingiwe bihanwa nk'ibindi vyaha vyose;
- Gutunganya amanama y'uguhimiriza abacamanza kugirango banyengeterwe n'amategeko agenga ibibanza bikingiwe;
- Guhana cane abakozi bafumbatishijwe canke bifadikanya n'abononyi mu bijanye n'ugutunganya ibibanza bikingiwe;
- Gukwirikiza amategeko n'amabwirizwa asanzwe ariho mu bijanye n'ugutunganya ibibanza bikingiwe uko ari, ata guhengama;
- Kwaka abantu bose amatongo baronse avuye mu bibanza bikingiwe;
- Guhimiriza abegwa bose n'ugukingira ibibanza bikingiwe ku kamaro ko gutuza igiturire, ukwigira sindabibazwa n'ukwifadikanya n'abononyi.

Igikorwa nyamukuru ca 3: Gufata ingingo kugirango habuzwe ibikorwa ry'iterambere bifise inkurikizi zonona bikorerwa mu bibanza bikingiwe

Inyigisho nyamukuru: Dushire hamwe inguvu kugirango dutuze ibikorwa bifise inkurikizi mbi ku bibanza bikingiwe

Intambamyi zo kurwanya:

- Ukubandanya gukora ibikorwa bifise inkurikizi mbi nk'ukuragira amasho y'ibitungwa mu mpongore kama z'igihugu za Rusizi na Ruvubu, uburovyi butemewe n'amategeko mu bibanza bikingiwe;

- Ukudategeka ivyigwa vy'ingaruka ku bidukikije ku bikorwa ry'iterambere bikorerwa inyuma canke mu bibanza bikingiwe.

Inyishu zibereye:

- Kubuza ibikorwa bifise inkurikizi mbi nk'ukuragira amasho y'ibitungwa, uburovyi butemewe n'amategeko, ugucukura amabuye mu bibanza bikingiwe;
- Gutegeka n'ugusuzuma ivyigwa vy'ingaruka ku bidukikije ku migambi yose ikorerwa inyuma canke mu bibanza bikingiwe;
- Gutanguza imigambi y'udushirahamwe dutoduto ku banyagihugu begereye ibibanza bikingiwe kugirango biteze imbere mu buzima bwabo hanyuma bongere bareke kuguma basatira ibibanza bikingiwe.

Igikorwa nyamukuru ca 4: Gufata ingingo zose zishoboka kugirango ibungabungwa ry'ibibanza bikingiwe risasagare ku neza y'abantu bose

Inyigisho nyamukuru:Dutahure akamaro k'ibibanza bikingiwe ku neza y'ubuzima bwa zina kiremwa muntu

Intambanyi zo kurwanya:

- Ukutamenya kw'abajejwe gufata ingingo agaciro k'uruhombo ruri mu kutabungabunga ibibanza bikingiwe;
- Ukutamenya akamaro k'amashamba mu bijanye no guhubira ivyuka vyo mu kirere.

Inyishu zibereye:

- Ukwiga neza agaciro k'uruhombo ruri mu kutabungabunga ibibanza bikingiwe;
- Ukwigisha abajewe gutunganya ibibanza bikingiwe kugirango bashireho uburyo bw'uguhangana n'ihindagurika ry'ibihe;
- Gutunganya amanama ya buri igihe ku bakozi bajewe ibibanza bikingiwe ku bijanye n'uburyo bubereye bw'ugutunganya ibibanza bikingiwe;
- Gushiraho integuro z'inyigisho zerekeye ibidukikije cane cane ku bijanye n'ukubungabunga ibibanza bikingiwe no gushiraho uburyo bwo gusuzuma inkurikizi yavyo;
- Gushiraho ingingo zihamagarira abantu bose kwitaho ukubungabunga ibibanza bikingiwe.

UGUSOZERA

Urugero rw'ukwitanga kw'abajewe gufata ingingo mu bijanye n'ugukingira ibibanza bikingiwe ruracari ruto cane. Ukwisuka kw'abajewe gufata ingingo bamwe bamwe mw'itangwa ry'amatongo ari mu bibanza bikingiwe canke mu kuja mu bikorwa bifise ingaruka zonona ivyo bibanza n'intambanyi mw'itunganywa rirama ry'ibibanza vyacu bikingiwe rigashobara no gusubiza inyuma n'ivyo twari twiteze kuri ivyo bibanza bikingiwe. Vyongeye, ukutamenya kw'abajewe gufata ingingo bacu agaciro k'uruhombo rw'ukutabungabunga ibibanza vyacu bikingiwe navyo nyene n'iyindi ntambanyi y'ibungabungwa rirama ry'ibibanza bikingiwe mu Burundi. Aka gatabo kaje rero gukabura agatima mpembero kugirango abajewe gufata ingingo bitange batiziganya mu gukingira ibibanza bikingiwe kanatsinda nivyo tuzeyeko kazoza keza ku Burundi n'Abarundi.